ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№101 (23.259) • 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 27, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

65

Ди фІэщ мэхъу

ПщІэ зыхуэтщІ Хьэутий Хьэзрит и къуэ!

Уи ныбжьыр илъэс 65-рэ зэрырикъум папщІэ ди гумрэ ди псэмрэ къабгъэдэкІыу дыноХьэхъу!

Дэ уэ уэзрыгцІыхур Іуныдж зиІэ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэущ, Іэкіуэлъакіуэу Іэнатіэр зезыхьэ унафэщІущ, цІыхуГъэ зыхэлъ лІы щыпкъэущ.

Лэжьыгъэр фІыуэ зэрыплъагурщ, Іухуэгуэу куэдым уэзрыдихьэхырщ уэ уи пщІэр ди республикэмэ нэгъуэщІ щыналъхэмэ къыщызыІэтыр.

КъызэбгэкІа гъащІэр Іуэхугъуэ куэдкІэ гъэнцІауэ зэрыщытар и щыхьэтщ къалэн зыщыпщІыжыр зэбгъэхуэлІэфрэ гугъуэхьым къыпумыкІухуэу укъызэрыгъуэгурыкІуэм. Лъэныкъуэ куэд къызэщІэзыбыдэ уи ІуэхуцІафэхэм лъабжьэ яхуэхъур лъэпкъ зэгурыІуэныгъэмрэ республикэм мамырыгъэр щыгъэбыдэнымрэщ.

Ди фІэщ мэхъу уи зэфІэкІыр, акъылыр, пхэлъ жыджэрагъыр къэбгъэсэбэпу иджыри илъэс куэдкІэ узэрыхуэлэжьэнур Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей псом я зыужьыныгъэм.

Уэри уи Іыхьлыхэми узынщагъэ быдэ фиІэну, ехьулІэныгъэщІэхэр зыІэрыбгъэхьэну ди гуапэщ!

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр.

(Фыкъеджэ 3-нэ напэкІуэцІым).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий библиотекэм я лэжьакІуэхэм Зэрызахуигъаззэр

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Си гуапэу сыныбохъуэхъу фи Іэщ Іагъэм ирилажьэхэм я махуэшхуэмкІэ - Библиотекэхэм я урысейпсо махуэмкІэ.

Иджырей зэманым библиотекэхэм зэфІагъэкІэмрэ абыхэм яІэ мыхьэнэмрэ къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ. ЦІыхубэм пщІэшхуэ хуащІ егъаджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ зегъэужьыным, лъэпкъым и зэхэщІыкІыр къэІэтыным, ар дунейпсо щэнхабэз хъугъуэфІыгуэхэм щыгъуазэ щыным хуэгъазаэ фэ зэфІэвгъэкІхэм. Иужьрей илъэсхэм республикэм лэжьыгъэ хъарзынэ щекІуэкІащ библиотекэхэм я мылъку-техникэ зэфІэкІхэр егъэфІэкІуэным, ахэр иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къыззгъэпэщыным хуэунэтІауэ. Дэ дяпэкІи тхуэзфІэкІ псори длэжьынущ библиотекэхэм зедгъэужьын, абыхэм я статусыр къэтІэтын, библиотекэхэм я лэжьакІуэхэм я пщІэр дгъэбгэгъуэн папщІэ.

Мы махуэм сыныбохъуэхъу узынщагъэ быдэ, насып, ефІэкІуэныгъэ фиІэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и фІыгъуэм хуэгъазэ лэжьыгъэм ехъулІэныгъэхэр къыщыфхьыну.

●Си хабзэубзыху жэрдэм

Урысейпсо зэпеуэм щытекІуахэр ягъэпажэ

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм къыхилъхьауэ щыта «Си хабзэубзыху жэрдэм» урысейпсо зэпеуэр илъэс 11-нэ хъуауэ йокІуэкІ. Іуэхур къызэзыгъэпэщахэм я мурадыр щІалэгъуалэр хабзэубзыху лэжьыгъэхэм дегъэхьэхьныныгъэ проект купщІафІэхэр зыгъэхьэзырыф щІалэгъуалэм гъуэгу етынымрэщ.

УРЫСЕЙПСО зэпеуэм зэпымыууэ хэтщ КЪБР-м и Парламентыр. А илъэс 11-м кьуриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу щІыхуи 6-м - япэ увыпІэ, 3-м - етІуанэ, 3-м - ещанэ къыхуагъэфащащ, 86-м зэпеуэм и лауреат зэрыхъуамкІэ диплом къратащ.

ИлъэС къэси хуэдизу, мы гъэми зэпеуэр Іыхьищу гуэшауэ щытащ. КЪБР-м и Парламентым къыщапщытэжащ республикэм щекІуэкІа зэпеуэм кърикІуар. Парламентым щыхэлпльащ, школакІуэхэм, студентхэм, аспирантхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм хэт ныбжьыщІэхэм я лэжьыгъэхэм, абыхэм нэхъыфІхэр къыхахащ. ЦІыху 19-м увыпІэкІэ хуэгъэфащащ. Абыхэм я лэжьыгъэхэм щыщу 5-р Къэрал Думэм ирагъэхьащ. Накъыгъэм и 20-м зэпеуэм и Іыхьэ псори иухащ. КЪБР-м ирагъэха лэжьыгъэхэм я щыщыбу 3-м увыпІкІэр къахьащ.

КЪБР-м и Парламентым щагъэлъэпІащ урысейпсо зэпеуэм ехъулІэныгъэ зыщызыІыхьа ныбжьыщІэхэмрэ абыхэм я щІэныгъэ унафэщІхэмрэ.

- «Си хабзэубзыху жэрдэм» зэпеуэм илъэс къэс къыхохьэ щІалэгъуалэ зэчиифІэ, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ куэд. Ди гуапэщ ныбжьыщІэ жыджэрхэр фыдгъэлъэпІэну, дывдэлажьэну, - гуапэу къригъэблагъащ щІалэгъуалэр КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ**.

Абыхэм ехъуэхъуащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и хуэдэ, зэпеуэм и республикэ Іыхьэм и къыззгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлим**.

- Нобэ къедгъэблагъэ ныбжьыщІэхэм псалъэу щыІэм я нэхъ гуапэр вжеГІэну дыхуейщ. Мы зэпеуэр Къэрал Думэм къызэрыихьхьэрэ илъэс куэд мэхъapи, сыт щыгъуи ди щІалэгъуалэр абы фІы и лъэныкъуэкІэ къыщыхощ. Ноби аращ - фІым я фІыжьхэр догъэлъапІэ! - жиІащ Жанатаевым.

Зэпеуэм къыхэжаныкІа ныбжьыщІэхэм щыхь тхыльхэр иратыжащ Азычэ Светланэрэ Жанатаев Сэлимрэ.

«Къэрал ухуэныгъэмрэ конституцэмрэ» Іыхьэмкіэ республикэ зэпеуэм япэ увыпІэр къыщихьащ Тэрч щІыналъэм и Тамбовскэ къуажэм дзт школым щеджэ Джатэгъэжь Каринэ. Абы щІэныгъэ унафэщІу къыдэлэжьащ Щомахуэхэ Светланэрэ Алёнэрэ. ЕтІуанэ увыпІэр хуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъуамэш университетым и студент Мыкъуэжь Дианэ (и щІэныгъэ унафэщІыр Биттиевэ Лейлэщ). Ещанэ хъуащ Тэрч щІыналъэм и Инарыкъуей къуажэм дзт школым щеджэ Имам Заирэт (и щІэныгъэ унафэщІыр Шэрий Амирщ).

«Социальнэ политикэ» Іыхьэм япэ увыпІэр къыщахьащ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и длажьэ Щ Іалэгъуалэ и советым социальнэ политикэмрэ лэжьыгъэмкІэ и комиссэм и унафэщІ Ержыб Исльамрэ КЪБКъУ-м и студент Хьэщ Іэлі Исльамрэ. Абыхэм я щІэныгъэ унафэщІщ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм хабзэубзыху Іуэхугъэмкіэ и комиссэм и унафэщІ Целоусовэ Анусэ. ЕтІуанэ увыпІэр зэдагъэшащ Прохладнэ къалэм дзт лицей №3-м щІэсхэу Пичковская Ангелинэрэ Пожаровэ Алёнэрэ (я щІэныгъэ унафэщІыр Сильченкэ Евгенийщ). Ещанэ хъуащ Тол Анжелинэрэ Тэтэркъан Жаннэрэ зи щІэныгъэ унафэщІ, Дзэлькъуэ щІыналъэм и Псынэдахэ къуажэ школым и еджакІуэ Тол Алимрэ Прохладнэ къалэм дзт школ №95-м щІэс Неуровэ Дарьерэ (и щІэныгъэ унафэщІыр Истоминэ Людмилэщ).

«Егъэджэныгъэ, щІэныгъэ, уэзыншагъэр хъумэн, щэнхабзэ» Іыхьэм япэ щыхуащ Бахьсэн щІыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм дзт школ №94-м щеджэ ГъукІэ Залинэ (и щІэныгъэ унафэщІыр Лосэн Ларисэщ). ЕтІуанэ увыпІэр иратащ Налшык къалэ дзт школ №27-м щеджэ Маркарян Эммэрэ (и щІэныгъэ унафэщІыр Тохаевэ Мэржанщ) Налшык къалэ дзт гимназие №24-м щІэс БищІо Лианэрэ (и щІэныгъэ унафэщІыр Къардэн Маринэщ). Ещанэ увыпІэр лъысащ Налшык къалэ дзт школ №96-м щеджэ Гасиевэ Залинэ (и щІэныгъэ унафэщІыр Къарей Оксанэщ).

«Зыхъумэжыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ» Іыхьэм щытекІуащ КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэт Хьэжрокъуэ Миланэ (и щІэныгъэ унафэщІыр КЪБР-м и Парламентым Законым тетынымрэ хабзэр гъэзэщІэныкІэ и комитетым и унафэщІ Мовсисян Грантщ).

«ЩІалэгъуалэ политикэ» Іыхьэм япэ увыпІэр къыщыхуагъэфэщащ. Прохладнэ районым и Краснооселькэ къуажэм дзт школым щеджэ Марков Максим (и щІэныгъэ унафэщІыр Севостьяновэ Еленэщ). ЕтІуанэ хъуащ Тэрч къалэм дзт школ №93-м щеджэ Хьэпащ Миланэрэ (и щІэныгъэ унафэщІыр АфІэунэ Ларисэщ) Тэрч щІыналъэм щыщ Новая Балкария къуажэм и курыт еджапІэм щІэс Этчеевэ Русалинэрэ (и щІэныгъэ унафэщІыр Киштыковэ Еленэщ). Ещанэ увыпІэр иратащ Налшык дзт школ №96-м щеджэ Шаулухов Тамерлан (и щІэныгъэ унафэщІыр Лукьяевэ Жаннетэщ).

«Экономическэ политикэ» Іыхьэм япэ щыхуащ КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэу Малкаровэ Зульфиярэ Зеущ Алёнэрэ. Я щІэныгъэ унафэщІыр КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и лЫкІуэу Къэрал Думэм щыІэ ЩІалэгъуалэ парламентым хэт ЕхьулІэ Къантемырщ. ЕтІуанэ увыпІэр хуагъэфэщащ БгъКъМУ-м и студент Тэнащ Миланэрэ Лэскэн районым хыхьэ Урыху къуажэм дзт школ №91-м щІэс Мэщ Іалэ Агнессэрэ (я щІэныгъэ унафэщІыр Тэнащ Залинэщ). Ещанэр - Налшык къалэ дзт школ №32-м щІэс Гетиев Темырланщ. Абы и лэжьыгъэр и закъуэу игъэззэщІащ.

Зэпеуэм и Урысейпсо Іыхьэм КЪБР-м щыщу щІыхуищ къыщыхуагъэщащ. Япэ нагъыщІэ зиІэ щІыхь тхыльхэ къыхуагъэфэщащ Хьэжырокъуэ Миланэрэ ГъукІэ Залинэрэ. Ещанэ нагъыщІэ зиІэ щІыхь тхыльхэ къратащ Тол Алим.

Урысейпсо зэпеуэм и къызэгъэпэщакІуэ комитетым и ЩІыхь тхыльхэр къыхуагъэфэщащ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ. Зэпеуэм и республикэ Іыхьэр къызэрызэрагъэпэщам папщІэ фІыщІэ тхыльІэ Азычэ Светланэрэ Жанатаев Сэлимрэ къратащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

●Махуэшхуэ зэхыхьэхэр

Ныбжьыщ Іэхэм йохъуэхъу

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр жыджэру хэтащ иужьрей узэдэкІэм и саулыкъуэ ди республикэм и курыт школхэм щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхуэсхэм. Ди щІыналъэм и хабзэубзыху Іэнатіэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэр ныбжьыщІэхэм гуапэу ехъуэхъуащ школыр къэзыуухэм къапэщылъ экзаменхэр ехъулІэныгъэкІэ ятыну, гъащІэм хуаІэ мурадхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ наХуапІэ хъуну.

АРУАН районым и къалащхьэ Нарткъалэ дзт лицей №31-м къыщызэрагъэпэща гуфІэгъуэ зэхуэсым хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ. Школыр мы гъэм къэзыух ныбжьыщІэ 64-м защыхуигъаззэм, Егоровэм жиІащ:

- Си гуапэу, си гумрэ си псэмрэ къабгъэдэкІыу сыныбохъуэхъу нобэрей махуэшхуэмкІэ. Фи гъащІэм щыщ къэхуэкащІэ гукъинэхэм яхьыхьэнущ, шэч хэмылъу, накъыгъэм и 25-р. Ныбжьыщ Іэхэм я мызакъуэу, я бынхэм бэкІэ ящыгугъэ адэ-анэхэми сохъуэхъу. Апхуэдэу захуэсогъаззи зэфІэкІри, щІэныгъэри, псэм щыщ Іыхьи я гъэсэнхэм я ехъулІэныгъэм, зыужьыныгъэм езыхьэлІа егъэджакІуэхэми, - кІыхьигъэщащ абы. - Фи гъащІэм и кІуэцІкІэ фэ куэдрэ зэхэфащ школ гъэзджынэм и зу макъыр, арщхьэкІэ нобэ къыфхуеуэр адрейхэм къахощхьэхукІ и кьеуэкІэкІи, и кІыхьагъкІи, нэхъыщхьэращи, фи гумрэ фи псэмрэ зэрызыхащІэмкІэ. ЕхьулІэныгъэщІэрэ техуэныгъэщІэрэ куэду щывиІэну гъащІэщІэм фызэхэзышэ макъ фхурехъу ар!

НыбжьыщІэхэм махуэшхуэмкІэ ехьуэхъуахэм ящыщу Аруан щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Куэшей Аззэмэт, Іуэхур щекІуэкІа школым и унафэщІ Иуан Еленэ, егъэджакІуэхэр, адэ-анэхэр.

Зэхуэсым и кІэухыу школакІуэхэм ину къахуеуащ иужьрей узэдкнэр, иужьрей школ урокым иригъэблагъэу. «Узынщэу, школ! Къыхуеблагъэ, балигъ гъащІэм дыхэзышэ махуэщІэ!» - арат я гупсысэхэм хэтыр ныбжьыщІэхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Зэгъунэгъуэхэм я дунейпсо махуэр Налшыки щагъэлъэпІэнущ

2000 гъэм Франджым къыщежьа гуфІэгъуэр - Зэгъунэгъуэхэм я дунейпсо махуэр - мы гъэм нобэ, накъыгъэм и 27-м, КЪБР-м и къалащхьэми щагъэлъапІэ.

А махуэм теухуа Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщ фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ Іуэхущ Іапіэхэм:

«Вольнэ Аул» компаниемкІэ - сыхьэт 17.00-м (Профсоюзхэм я уэрам, 236);

«Очаг» компаниемкІэ - сыхьэт 18.00-м (Мэлбахъуэм и щІэр зезыхьэ уэрам, 30);

«Доверие» зэгухьэныгъэм - сыхьэт 18.30-м (Тэрчокъуэм и щІэр зезыхьэ уэрам, 58).

Уэрэд нэс

●Тхылъыщ Іэ

«Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ, усакІуэ Мыкъуэжь Анатолэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ щрикъум ирихьэлІэу «Си лІэщІыгъуэр» фІэщыгъэм щІэт и тхылъыщІэ дунейм къытехьащ.

ЗИ ГУПСЫСЭРИ анэдэлъхубзэри жан усакІуэм и Іэдакъэщ Іэкіэр фІыуэ ялъагъуу, гукІэ ящІу къэзыхьэкІэр тхылъыр къызэрыдэкІа экземпляр 500-м нэхъри зэрынэхъыбэр шэч къызытумыхьэнщ.

Нэхъыжьми, нэхъыщІэми, гуфІэгъуэ зыльэгъуами, гузэвэгуэ зи нэгу щІэкІами яхуэусэ, губамІэдэх яхуэхъу усакІуэр псэ щІагъэкъуэныфІщ. Гу пщІанэ зиІэ Мыкъуэжь Анатолэ дунейм, гъащІэм и къэхъуакъащІэ псори нэхъ кууэ зыхещІэ, ар ятеуб гъуащ унагъуэм, ныбжьэгъуэхэм, и анэдэлъхубзэм, къыщалъхуа и хэкум. «УсакІуэм и гур щІым и щыблэ ущщ» псалъэ пэжхэр щыжеІэ абы и Іэдакъэщ Іэкіэхэм языхэзым. Усэбзэм и Іэмалым зэрыхуэзэрыхуэм хуэдэу, гъащІэм и Іэмалхэми хуэІэкІуэлъакІуэ Анатолэ и уэ сатырхэм гуГъэр, дахагъэр, пэжыгъэр щытекІуэ зэпытщ.

Мыкъуэжьым и «лІэщІыгъуэр» зэмыфагъэщ, абы и дунейр жьапщае щыхъуи, нэхъ мамыр щыхъужи къапимыкІуэту, уэз къарукІэ япэщІэтщ.

ЦІыхухэм фІыуэ ялъагъуа и уэз, поэмэ-элегиехэм, сонет къыхэхахэм кьищыкнэмыщІауэ, тхылъым уэзщІэхэми ящщохьэлІэ.

Сэ къызитащ гъащІэм дерс:
ЗэщІалъу гуаун гуфІэгъуи -
Мы гъащІэм сыткІи и фэгъуу
Пхужьыгъэщ хъур уэрэд нэс.

Апхуэдэ уэрэд нэсщ Мыкъуэжь Анатолэ и тхылъыщІэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.



●Шэрэдж щІынатъэ

Псы къиугъуэм нэмыс щІыкІэ

Ди щІыналъэр электрокъарумкІэ къызэзыгъэпэщ «Къэбалъкъэнерго» Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэхэм иджы хуэдэ лъэхъэнэм къапщытэ ток кІапсэхэмрэ ахэр зыІыгъ гъущІ пкъохэмрэ я щытыкІэр зыхуэдэр.

ІУЭХУР нэхъыбэу зытещІыхьар псыхэм я къиугъуэ мэкъуауэгъуэ, бадзэуэгъуэ мазэхэм нэмыс щІыкІэ ныкъуСанигъэхэр ягъэзэкІуэжьныщ. Къапщтэмэ, вольтышхуэ зрикІуэ кІапсэхэр къызыхэкІгущІ пкъохэм ящыщ куэдыр псыхъуэхэм щыгъэуващ, псы Іуфэ дыдэм Іутхэми уарохьэлІэ. Ахэр, зэрыгурыІуэгъуэщи, псы къиугъуэ къэс щІельэсыкІ, къаГъэтІэсхъэнкІэ шынагъуэу. Апхуэдэ щытыкІэм нэсахэр иджыблагъэ зыхуэй щыхуагъэзащ Шэрэдж, Псыгуэнсу псыхъуэхэм: Іэмэпсымэ зэрыІыгъэр зытет бетонхэр яГъэбыдащ, абыхэм я Іэгъуэблагъэхэм мывэкІащхьэр лъагэу щыдратхъуеящ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ ПІащІэгъуэкІэ цІыхухэр зэдгъэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Нобэ

●**Библиотекэхэм я урысейпсо махуэщ.** А махуэм, 1795 гъэм, Урысейм и пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэр зэрэ тхьхуащ щІыху куэд зэрэ екІуалІэ хъуну Санкт-Петербург къыщызэІуахыну Императорскэ библиотекэм и унэм и проектым.

●**Санкт-Петербург къалэм и махуэщ.** 1703 гъэм Пётр Езанэм Нева псы Іуфэм деж щигъэтІысІащ Петропавловск быдапІэм и лъабжьэр. Абдеж къыщежьауэ щытащ иджырей ищхъэрэ къалащхьэм и ухуэныгъэр.

●**1883 гъэм** Москва и Утыку плъыжьым къыщызэІуахащ Тхыдэмкіэ музейр.

●**1920 гъэм** РСФСР-м и Союзпсо гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ Тэтэр АССР-р. Иджы ар УФ-м щыщ Тэтэр Республикэщ.

●**1921 гъэм** Афганистаныр къэрал щхьэхуит хъуащ.

●**1930 гъэм** США-м щыщ Дрю Ричард шхэпс зыкІэрылъ тхылъымпІэпсыр - скотч жьыхэтІэр - кІыз-зэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ ираташ.

●**1934 гъэм** СССР-м къыщащтащ «Спортым щыхь зиІэ и мастер» щІэ лъапІэр.

●Урыс сурэтыщІ Іэзэ, критик **Крамской Иван** къызэралъхурэ илъэси 179-рэ ирокъу.

●США-м и щыщ къэфакІуэ цІэрыІуэ, дунейпсо гъэздджэм хэлъхьэныгъэшхуэ зыхэзыщІауэ къалъытэ, Есенин Сергей и щхьэгъусэу щыта **Дункан Айседорэ** къызэралъхурэ илъэси 139-рэ ирокъу.

●Актёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Шалевич Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

●Къэрал лэжьакІуэ цІэрыІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

●Урысей киноактрисэ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м щІыхь зиІэ и артистка **Шукшина Марие** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 18 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

●Библиотекэхэм я урысейпсо махуэщ. А махуэм, 1795 гъэм, Урысейм и пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэр зэрэ тхьхуащ щІыху куэд зэрэ екІуалІэ хъуну Санкт-Петербург къыщызэІуахыну Императорскэ библиотекэм и унэм и проектым.

●**Санкт-Петербург къалэм и махуэщ.** 1703 гъэм Пётр Езанэм Нева псы Іуфэм деж щигъэтІысІащ Петропавловск быдапІэм и лъабжьэр. Абдеж къыщежьауэ щытащ иджырей ищхъэрэ къалащхьэм и ухуэныгъэр.

●**1883 гъэм** Москва и Утыку плъыжьым къыщызэІуахащ Тхыдэмкіэ музейр.

●**1920 гъэм** РСФСР-м и Союзпсо гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ Тэтэр АССР-р. Иджы ар УФ-м щыщ Тэтэр Республикэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ

Уи жыІэ уи Іуэхукіэ гъэдахэ.

● Унагъуэ

Къэралым и зы Іыхьэ, жылагъуэм и быдапІэ

Унагъуэр - къэралым и зы Іыхьэщ, жылагъуэм и быдапІэщ. Араш къыщежьэр щіыхухэм яхэлъ хьэл дахэ псори: лъагъуныгъэри, пщІэри, нэмысри, гумащІагъри, пэжыгъэри... Сыт хуэдэ лъэхъэнэми дэтхэнэ къэралми и зэІузэпэщагъэр къалъытэ абы и унагъуэ къызэрыгуэкІым иІэ псэукІэм и фІагъымкІэ, абы исхэр зыхуей ягъэту гъэщІэн зэрыхэтыфымкІэ. Ар хьэмэным къэралым гулъытэ лей хуриГъэщІын папщІэ, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1994 гъэм игъэувауэ щытащ Унагъуэм и дунейпсо махуэр. Ар трагъэхуащ накъыгъэм и 15-м.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ илъэс къэс къыщызэрагъэпэщ Унагъуэм и махуэр щагъэлапІэ зэхыхьэхэр. Абы ехьэлІа махуипщІ лэжьыгъэ купщІафІэ накъыгъэ маззэм зэфІихащ Налшык и бзылъхуГъэхэм я советым. Зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр еунэтІ абы и унафэщІ **Дыджэш Лидэ**. Къалащхьэм и киногъэлъэгъуапІэм иджыблагъэ абы кыщызэригъэпэщащ гуфІэгъуэ пшыхьым и утыку кърахьащ илъэс блэкІам ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм къриКІуэхэр. Абы щагъэлъапІащ Налшык и унагъуэ нэхъыфІхэр, щаціыхухэм я гур, я псэр нэхъри кьызэщІиІэтащ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къариту. Адэкіэ Даурым псалъэ иритащ зэхьихьэм и кьызэгъэпэщакІуэ нэхъыщхьэ Дыджэш Лидэ. Ар пшыхьым кърихьэлІахэм ехъуэхъуащ Унагъуэм и дунейпсо махуэмкІэ икІи ахэр щыгъуазэ хуищІащ зэІущІэм и утыку ирахьэну Іуэхугъуэхэм.

Налшык администрацэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу Бетрожь Сослъэнбэч къалащхьэм и унафэщІхэм, езым кьыбГъэдэкІыу гуапэу захуигъэзащ пшыхьым къратъэблагъа псоми, абыхэм ехъуэхъуащ унагъуэ насыП, узыншагъэ, ехъулІэныгъэ щымыщІу куэдрэ псэуну.

Псом ямэ утыкум пщІэ хуащІу, Іэгуауэшхуэм щІэту къэрашащ «Унагъуэ зэрыыГъэзащ пшыхьым зыІэрызыГъэхьэфыр» къалэпсо зэпеуэм и унэтІыныгъэхэм пашэ щыхьуа унагъуэхэр. Апхуэдэ хьуахэт ГъукІэжхэ Юрэрэ Мадинэрэ, Жыласэхэ Заурбэчрэ Маритэрэ, Дадали Юрэрэ Пёлярэ, Щоджэнкэ Мухьэмэдрэ ФатІимэрэ, Коваленкэ Юрэрэ Юлиерэ, Эфендиевхэ ФуІэдрэ Росинэрэ я унагъуэ дахэхэр. Абыхэм щІыхь тхьилъхэр, саугъэт лъапІэхэр, удз гъэгъахэр яритащ КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщагъу, КъБР-м и Бзылъхугъэхэм я советым и правленэм хэт **Уянаевэ Іэминат**.

«Бзылъхугъэхэм я Налшык къалэ советым щІыхь зиІэу хэт», «Налшык и бзылъхугъэ нэхъыфІ-2015» цІэ лъапІэхэр хуагъэфэщащ къалащхьэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа цІыхубз зыбжанэм. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, Къардэн Эммэ, Аппаевэ Жаухар, Романи Марет, Щомахуэ Татьянэ, Фырэ Майе, Кьэнэмэт Лейла, нэгъуэщІхэри. Абыхэм щІыхь тхьилъхэр, саугъэт лъапІэхэр ираташ КъБР-м и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Тхьэзэплъыж Мурат**, КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр, «Іэдииху» жылэм и администрацэм и Іэтащхьэ **Къумыкъуэ Залымхъан**, «Урысейм и гуащІэдэкІ щІыхьыр» урысейпсо зэгухьэныгъэм КъБР-м щиІэ кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ **Бондарев Леонид** сымэ.

ЗэІущІэм и кІэухуэ абы щагъэлъэпІащ Бзылъхугъэхэм я къалэ зэгухьэныгъэм гулъытэхэу кахуэзэщІ, дапщэщи закъыщІэзыГъакъуэ «Урысейм и гуащІэдэкІ щІыхьыр» урысейпсо зэгухьэныгъэм КъБР-м щиІэ кьудамэм и тхьэмадэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьужь Ахъуэхъу Анатолэ Хьэжмусэ и кьуэр. Абы хуагъэфэщащ «Бзылъхугъэхэм я гулъытэ» цІэмрэ саугъэтрэ.

Пшыхьыр я уэрэдэхэмкІэ, кьафэ екІуэхэмкІэ игъэдэхащ республикэм и артист цІэрыІуэхэу Даур Иринэ, Хьэхъупащ Амырхан, Мамбэт Мадинэ, Холамханов Кьайсин, «Парадайз», «Асса» творческэ гупэхэм, нэгъуэщІхэми. Зэхуэсыр зэхуащІыжащ Шаферан Игорьрэ Намин Стасрэ зэдатха «НасыпкІэ дыныфхуоупсэ» уэрэд цІэрыІуэмкІэ. Дыджэш Лидэрэ Даур Иринэрэ я пашэу ар игъэзэщІащ сценэм итхэми залым щІэсхэми, Іэтауэ яІыгъ нып хужь цІыкІуэр дагъэхуарзэу.

КЪАРДЭН Маритэ.
Сурэтыр **ХОЛЛАЕВЭ Любэ** *трихащ.*

● Школ хъыбархэр

Гъуэгу махуэ, къэкІуэнур зей ныбжьыщІэхэ!

Иужьрей уэзджьынэм и махуэшхуэр щаІэт, апхуэдэ кьыхуеджэныгъэм щІэт гуфІэгъуэ зэІущІэхэр, ди къэралым и дэнэ щІыпІэхэми хуэдэу, Кьэбэрдей-Балъкъэрми щызэхэтащ.

АПХУЭДЭ зэхуэс накъыгъэм и 25-м щекІуэкІащ Шэджэм районым щылажьэ еджапІэхэми. Иужьрей школ уэзджьынэр зуу кьахуеуащ щыпІэм и ныбжьыщІэ 886-м. Абыхэм ящыщу курыт школым и 11-нэ классыр кьаух ныбжьыщІэ 296-м, адрейхэм 9-нэ классыр кьызэранэкІауэ аращ.

ЩыпІэ администрацэм и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ КІарэ Элинэ хьыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, Иужьрей уэзджьынэм и махуэшхуэм хэтащ Шэджэм щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **ТекІушэ Артур**, КъБР-м туризмэмрэ курортхэмкІэ и министрым и кьуэдзэ **Улаков Юсуп**, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхэухэмкіэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщІ **Кучмезовэ Тамарэ**, ШэджэмрайонкІэ зыгъэзащІэ **Мэкъуауэ Леонид**, егъэджакІуэхэм я профсоюзым и щІыпІэ кьудамэм и пашэ **Щад Аджэрий** сымэ. ХьэщІэ лъапІэхэр ирагъэблагъащ Шэджэм кьалэм дэт курыт школ №1-м щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхуэсым.

Кьызэхуэсасэм, псом хуэмыдэу, школыр кьэзыух ныбжьыщІэхэм, гуапэу зэхуиГъэзащ ТекІушэ Артур. Балигъ гъащІэм хэувэ сабийхэм я мурад псори кьайхъулІэну ехъуэхъуащ ар.

- ФІыщІэ ин яхуэсщІыну сыхуейщ фи егъэджакІуэ Іэкіуэлъакіуэхэми. Абыхэм яльэкІ къагъэнакъым мыпхуэдэу, щІэныгъэ нэсрэ гъэсэныгъэ кІуэр фхэлъу, нобэ мы утыкушхуэм фыкьихьэн папщІэ, - кьыхигъэщащ ТекІушэм. - Кьыфпэщылъ къэрал кьэпщытэныгъэхэм ехъулІэныгъэкІэ фыпэлъэщыну, егъэджакІуэхэр, адэ-анэхэр кьызэрыфщыгугъэу факъыхуущІэкІыну си гуапэщ.

НыбжьыщІэхэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ школым и унафэщІым, егъэджакІуэхэм, адэ-анэхэм, езанэ классыр мы гъэм кьэхьыух цІыкІухэм. Школыр кьызыухэмэ егъэджакІуэхэм фІыщІэ хуащІащ кьыбГъэдалъхьа щІэныгъэм папщІэ, кьэхуаІа шыІэныгъэмрэ лъагъуныгъэмрэ щхьэкІэ.

ЗэІущІэм и кІэухуэ абы щагъэлъэпІащ «Илъэсым и еджакІуэ нэхъыфІ» щІэ лъапІэр зыфІащащ ныбжьыщІэхэр. Абыхэм ехъулІэныгъэ лъагэхэр зыІэрагъэхьащ еджэныкІи, спортымкІи, жылагъуэ Іэхуэхэми жыдэжру хэтащ.

Иужьрей уэзджьынэр кьрагъэуэну пщІэ зыхуащІахэм ящыщт курыт школыр фІы дыдэу кьэзыухэу Кьардэн Мухьэмэд, ГъущІэ Алим, Катанчиев Темирлан, Мамбэт Алим сымэ. Абыхэм ящыІэгъуу уэзджьынэр ягъэзууащ езанэ классыр ехъулІэныгъэкІэ кьэзыухахэу Пащты Анастасие, Тэтрокъуэ Марьям, Жантемрокъуэ Ясминэ, Аппаевэ Саидэ сымэ.

● Накъыгъэм и 27-р Библиотекэхэм я урысейпсо махуэщ

НыбжьыщІэхэр тхылъ еджэным драгъэхьэх

Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэр кьызэрыІэуахрэ илъэс 95-рэ зэрырикъуамрэ Библиотекэхэм я урысейпсо махуэмрэ ирихьлІэу Іуэхущ Іапі эм инновацэмкІэ, техникэ, мэкъумэш литературэхэмкІэ и кьудамэхэм я лэжьакІуэхэм кьыхалъхьащ «Юбилей как повод заявить о себе» зэІущІэр.

ЗЭХЫХЬЭМ ирагъэблагъащ Налшык къалэм и курыт еджапІэ №25-м и 9-нэ классым и еджакІуэхэр. ЗэІущІэр ирагъэкІуэкІащ библиотекэм и лэжьакІуэхэу Хуламхановэ Лежинкэрэ ЖьэкІэмыхьу Жаннэрэ. Ахэр кьызэхуэсахэм яхутепсэльыхьащ япэ библиотекэр Урысейм кьызэрыщыунэхуам, Екатеринэ ЕтІуанэм и унафэкІэ 1795 гъэм Санкт-Петербург Император библиотекэ (иджырей Урысей лъэпкъ библиотекэр) зэрыщыхуам, а зэманэ жьыжьэм библиотекэхэм я лэжьакІуэхэм я гъуэгу тхылъыр фІыуэ зылъагъуэхэми зэрагъэпсалъэм.

ЕджакІуэхэр дихьэхыу ядэІуащ зэІущІэр езыгъэкІуэкІхэм япэ тхылъхэр Пасэрей Мысырым кьызэрыщыдагъэкІам, илъэс мминищІым ЦІигу блэкІа нэужь, дуней псом тхылъ куэд кьызэрытехьам, библиотекэ зыбжанэ зэрыщащухуам, Александрийскэ библиотекэ цІэрыІуэр кьэунэхуу лІэщІыгъуипщІ дэкІыжа нэужь ар мафІэм зэрисам, тхыдэм урипльэжмэ, псалъэныгъэу ялъытэ тхылъкъам папщІэ зауэкэр зэрырагъэкІуэкІам, ахэр зэрагъэсам, зэрагъэкІуэдам, кьызэрагъуэтыжам, кьызэрырагъэлам, тхылъхэмрэ библиотекэхэмрэ кьызэрагъэщІэрэщІэжам ятеухуауэ щапхъэ куэд зэрыщыІэм ехьэлІауэ зи гугъу ящІа-хэм. ЕджакІуэхэм псом хуэмыдэу нэхъ гъэщІэгъуэн ящыхьащ къэрал лэжьакІуэхэу Франклин Бенджамин, Цзэдун Мао, композитор Берлиоз Гектор, таурыхъ куэд зытха Гримм зэкъуэшхэр, тхакІуэхэу, усакІуэхэу Пруст Марсель, Гёте Иоганн, Дельвиг Антон, Одоевский Владимир, Толстой Лев, Бунин Иван, Брюсов Валерий, Ахматовэ Анна, Крылов Иван сымэ, нэгъуэщІхэри библиотекэм ильэс зыбжанэкІэ щылэжьауэ зэрыщыытар, фІыуэ ялъагъу а Іэщ Іагъэр нэгъуэщІкІэ зэрахуэмыхъуэжар.

ЗэІущІэм ирихьлІэу кьызэрагъэпэща «Си щІэныгъэм зыхэзгъэгъуэзэну фыкьызогъэблагъэ» тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр, Іэхуащ Іапі эм щрагъэкІуэкІа зэхьихьэ щхьэпэхэм ятеухуа видеонэтынхэр еджакІуэхэм щІэщыгъуэ ящыхьуащ. НыбжьыщІэхэм библиотекэм и кьудамэхэм электрон Іэмалым тету зыщщагъэлпльхьащ.

Налшык къалэм дэт курыт еджапІэ №5-м и тхылъеджэ ныбжьыщІэхэу Шэмпар Линэ, Кьаскъул Аслъэн, Мэхэтей Кьантемыр сымэ кьеджащ библиотекэм, тхылъым я мыхьэнэм теухуа усэхэм, хьэхъуэхэр жаІащ.

Я махуэшхуэм ирихьлІэу библиотекэм и лэжьакІуэхэу Созаевэ Хьэулэт, Батырбековэ Джамиля, Сындыку Кариндэ, Бещто Эллэ сымэ гушыІэ теплъэгъуэ ягъэльэгъуащ.

Хуламановэ Лежинкэрэ ЖьэкІэмыхьу Жаннэрэ зэхьихьэм кьеКІуэлІа тхылъеджэхэм папщІэ зэпеуэ кьызэрагъэпэщащ, библиотекэм, тхылъым ехьэлІауэ ябгъэдэлъ щІэныгъэр кьапщытэу. Абы кьыщыхэжанымкІахэм ираташ Гюго Виктор и «Собор Парижской богоматери», Голон Аннрэ Сержрэ я «Анжелика: Путь в Версаль. Анжелика и король», Джованьоли Рафаэлло и «Спартак» тхылъхэр.

Зэхьихьэр кьызэзыГъэпэщахэм еджакІуэхэм ФІыщІэ хуащІащ кьаззэрыхуебгъэбам папщІэ икІи я Іуэхущ Іапі эм сыт щыгъуи кьеКІуэлІэну зэрагуапэр кьыхагъэщащ. ЗэІущІэр щиухым библиотекэхэм я лэжьакІуэхэм я гимныр кьрагъэуащ.

ТекІУЖЬ Заретэ.

Зи ІэщІагъэм хуэІэижь

КІэщт Руэаннэ Ныбжьыщ Іэхэм я библиотекэу Мечиев Кэзим и цІэр зезыхьэм и лъахэхуэ къудамэм и унафэщІщ. КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэр 2001 гъэм ехьулІэныгъэкІэ къиухащ. Мы гъэм илъэсипщІ ирокъу ар библиотекэм зэрыщылажьэрэ.

ЩІЭДЖЬКІАКІУЭХЭР зыщІэупщІэ къыдэкІыГъуэхэр тыншу, зэман куэди темыкІуадэу кьагъуэтын папщІэ каталогым тхылъхэр, журнал, газет тхыгъэхэр шифр щхьэхуэкІэ зэхэдзауэ Руэаннэ хегъэувэ. КІыщынэмыщІауэ, ди республикэм и щэнхабзэм, ГъуазджэкІ, литературэм я зэныжьыгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІа цІыхухэм, абыхэм я лэжьыгъэхэм щІэджькІакІуэхэр щыгъуазэ ещІ. Ди щыналъэм и цІыху цІэрыІуэхэм я гъащІэмрэ я гуащІэмрэ теухуа куэдым ар щыгъуазэщ.

Махуэшхуэхэм ирихьлІэу сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ папщІэ щэнхабзэ, нэгъэныжь зэхьихьэ гукъинэжхэр КІэщтым ыкъэзрегъэпэщ. Абы и кьалэнхэм ящыщу нэхъыщхьэу кьиІыпэтэр ныбжьыщІэхэр, щІалэгъуалэр я лъэхэм, я тхыдэм, щэнхабзэм щыгъуазэу, узыншэу, я Хэкур фІыуэ ялъэкІуу, я щІыуэпсыр яхъумэу, ГъуэГу захуэ тету кьэгъэзыныращ. ТхакІуэхэр, усакІуэхэр щыщІалъхуа, дунейм щехьжа махуэхэм ятеухуауэ ирегъэкІуэкІ литературэ пшыхьхэр, махуэшхуэхэр, зэІущІэ, фэеплъ, щыгъуэ зэхьихьэ, гъэлъэгъуэныгъэ зэхуэмыдэхэр, нэгъуэщІхэри. А зэІущІэхэм ирагъэблагъэ республикэм и уэрэджьІакІуэхэмрэ кьэфакІуэхэмрэ, сабий, еджакІуэ зэчиифІэхэр. ЕджакІуэхэм, студентхэм кьищынэмыщІауэ, нэгъуэщІ Іуэхущ Іапі эхэми кІуэурэ ядолажьэ, ныбжьыщІэхэм лекцэ кьахуэджэ, джэгукІэ хьэлэмэтхэр, нэгуэныжь зэхьихьэхэр кьахуэзрагъэпэщ. Апхуэдэщ, «Нэмыс» сабий унэр, «Радуга» зыгъэпсэхуІпэр.

КІэщт Руэаннэ илъэс зыбжанэ хъуауэ лэжьыгъэкІэ дыпыщІауэ дыкъокІуэкІри, сыт щыгъуи кьытхуэгуапэщ. Ар нэгъэсауэ зи кьалэныр зыгъэзащІэ, я Іуэхущ Іапі эр ефІэкІуэныкІэ, абы зиужьыныкІэ щІэ гуэрхэм зэпымыууэ лъыхъуэ лэжьакІуэ емызэщІ. Библиотекэм и дэтхэнэ зы лэжьакІуэми хуэдэу, Руэаннэ и щІэныгъэм зэпымыууэ кегъахьуэ. КІищынэмыщІауэ, хьэл-щэн дахэ зиІэщ, цІыху хэтыкІэ зыщІэщ, щІэныгъэ зыбгъэдэлъщ. Ар и пэжьэгъуэ я дежкІэ щапхъэщ.

Гу зылъытГараращи, лъахэхуэ къудамэм и лэжьакІуэхэр зы унагъуэ цІыкІум хуэдэу зэрыІыгъщ. ПщІэ, нэмыс, зэгурыІуэ абыхэм я зэхуаку дэлъщ. Апхуэдэ зэхуещІытыкІэм, дауи, я лэжьыгъэ Іэхуэхэри нэхъ дегъэкІ.

АРЩЫДАН Фейруз.

● Шэджэм и Іэтащхьэ

Къэрал Іэтащхьэ Іэтащхьэ

Иужьрей уэзджьынэм и махуэшхуэр щаІэт, апхуэдэ кьыхуеджэныгъэм щІэт гуфІэгъуэ зэІущІэхэр, ди къэралым и дэнэ щІыпІэхэми хуэдэу, Кьэбэрдей-Балъкъэрми щызэхэтащ.

АПХУЭДЭ зэхуэс накъыгъэм и 25-м щекІуэкІащ Шэджэм районым щылажьэ еджапІэхэми. Иужьрей школ уэзджьынэр зуу кьахуеуащ щыпІэм и ныбжьыщІэ 886-м. Абыхэм ящыщу курыт школым и 11-нэ классыр кьаух ныбжьыщІэ 296-м, адрейхэм 9-нэ классыр кьызэранэкІауэ аращ.

ЩыпІэ администрацэм и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ КІарэ Элинэ хьыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, Иужьрей уэзджьынэм и махуэшхуэм хэтащ Шэджэм щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **ТекІушэ Артур**, КъБР-м туризмэмрэ курортхэмкІэ и министрым и кьуэдзэ **Улаков Юсуп**, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхэухэмкіэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщІ **Кучмезовэ Тамарэ**, ШэджэмрайонкІэ зыгъэзащІэ **Мэкъуауэ Леонид**, егъэджакІуэхэм я профсоюзым и щІыпІэ кьудамэм и пашэ **Щад Аджэрий** сымэ. ХьэщІэ лъапІэхэр ирагъэблагъащ Шэджэм кьалэм дэт курыт школ №1-м щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхуэсым.

Кьызэхуэсасэм, псом хуэмыдэу, школыр кьэзыух ныбжьыщІэхэм, гуапэу зэхуиГъэзащ ТекІушэ Артур. Балигъ гъащІэм хэувэ сабийхэм я мурад псори кьайхъулІэну ехъуэхъуащ ар.

- ФІыщІэ ин яхуэсщІыну сыхуейщ фи егъэджакІуэ Іэкіуэлъакіуэхэми. Абыхэм яльэкІ къагъэнакъым мыпхуэдэу, щІэныгъэ нэсрэ гъэсэныгъэ кІуэр фхэлъу, нобэ мы утыкушхуэм фыкьихьэн папщІэ, - кьыхигъэщащ ТекІушэм. - Кьыфпэщылъ къэрал кьэпщытэныгъэхэм ехъулІэныгъэкІэ фыпэлъэщыну, егъэджакІуэхэр, адэ-анэхэр кьызэрыфщыгугъэу факъыхуущІэкІыну си гуапэщ.

НыбжьыщІэхэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ школым и унафэщІым, егъэджакІуэхэм, адэ-анэхэм, езанэ классыр мы гъэм кьэхьыух цІыкІухэм. Школыр кьызыухуэмэ егъэджакІуэхэм фІыщІэ хуащІащ кьыбГъэдалъхьа щІэныгъэм папщІэ, кьэхуаІа шыІэныгъэмрэ лъагъуныгъэмрэ щхьэкІэ.

ЗэІущІэм и кІэухуэ абы щагъэлъэпІащ «Илъэсым и еджакІуэ нэхъыфІ» щІэ лъапІэр зыфІащащ ныбжьыщІэхэр. Абыхэм ящыщу курыт школым и 11-нэ классыр кьаух ныбжьыщІэ 296-м, адрейхэм 9-нэ классыр кьызэранэкІауэ аращ.

Іуащхьэмахуэ щІыналъэ администрацэм и пресс-Іэхуэщ Іапі эм и лэжьакІуэ Тарим Алисэ хъыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, щІыпІэм щылажьэ курыт школ псоми щекІуэкІащ Иужьрей уэзджьынэм и махуэшхуэр щагъэлъапІэ гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр. ЩІыналъэм и еджапІэхэр мы гъэм кьаух ныбжьыщІи 171-м. Абыхэм я процент 40-м увыпІэфІхэр я кьыщахьащ олимпиадэ зэмылІэужьыгъуэхэм.

ЭЛЬБРУС кьужаж дэт курыт школым щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэІущІэм ныбжьыщІэхэм ехъуэхъуну зыкъригъэхьалІат Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **Афашоковэ Раисэ**. ЩІыпІэм и пашэ **Уянаев Казим** и цІэкІэ абы псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ Иужьрей уэзджьынэм иращІэкІа гуфІэгъуэ зэхуэсым кьеКІуэлІа псоми.

- Иужьрей уэзджьынэр - ар школыр кьэзыуха дэтхэнэ зым и гъащІэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ Іуэхугъуэщ. Фэ, ныбжьыщІэхэ, иджыри кьыфпэщылъщ мы дунеишхуэм фи увыпІэ кьышыгъуэтыну, фыхущІэкъун хуейщ кьэралым, фышалъхуа хэкум итпэжьпІэкІэ сэбэп фаззрыхуэхьуфыну щыкІам, - кьыхигъащащ Афашоковэм. - А мурад псоми я лъабжьэр курыт школым щызэвгъэгъэта щІэныгъэрщ, вбгъэдэлъ зэфІэкІырщ. Си фІэщ мэхъу балигъ гъащІэм ехъулІэныгъэфІхэр зэрыщызыІэрывгъэхьэнур, фи акъылри кьаурри фІыуэ тлъагъу ди республикэм и зэпэщныгъэм зэрыхуэвгъэпсынур. Іуащхьэмахуэ хуэдэу фи насыпыр лъагэ ухъу!

Тырныауэ къалэм дэт курыт школ №3-р кьэзыух ныбжьыщІэхэм кьапэщылъ къэрал кьэпщытэныгъэхэр ехъулІэныгъэ яІэу ятыну, зыщІэхъуэпсе еджапІэхэм щІэтІысхьэфыну ехъуэхъуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іем и чэнджэщэгъу **Гызыев Берт**.

- Фыщеджэ школыр, фи къалэр, районыр зэи зыщывмыгъэгъупщэ. Ахэращ и лъабжьэр «си хэку» жьыхуІэ гурыІуэныгъэ лъапІэм, - жиІащ Гызыевым.

Махуэшхуэм апхуэдэу зыкърагъэхьэлІащ щыпІэ самоуправленэмкІэ советым и пашэ **Отаров Исмэхьил**, «Эльбрус-Транс» ООО-м и унафэщІ **Темукуев Абдул-Хьэчим**, егъэгъэпсат 11-нэ, 9-нэ классэр кьэзыух ныбжьыщІэ 1103-м. Абыхэм ехъуэхъуну яхуэкІуат КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, кьуажэ, кьалэ администрацэхэм я лІыкІуэхэр.

Ислъэмей кьуажэм дэт курыт школ №4-м щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ**. Ар ныбжьыщІэхэм ехъуэхъуащ кьапэщылъ экзаменхэр фІыуэ ятыну, гъащІэм увыпІэ тэмэм щаубыдыну, я гурылъ псори кьайхъулІэну.

Школыр кьэзыухэм папщІэ игъэхьэзыра махуэшхуэ концертхэр щекІуэкІащ районым и еджапІэ псоми. Абыхэм хэтащ сабий садэм я гъэсэн щыкІуэкІэмрэ езанэ классым щІэсхэмрэ.

НыбжьыщІэхэми абыхэм я адэ-анэхэми фІыщІэшхуэ хуащІащ илъэс 11-кІэ кьайлІэлІа, щІэныгъэ куум и гъуэгум тезыша егъэджакІуэ гумызагъэхэм.

Иужьрей уэзджьынэм иращІэкІа гуфІэгъуэхэр зэхуащыжащ уафэгум щар эмыфэгъуэхэр драгъэлъэтейкІэрэ, кьафэрэ джэгуэкІмкІэ.

Іуащхьэмахуэ хуэдэу фи насыпыр лъагэ ирехьу, гъащІэм лъабакъуэщІэ хэзычэ ныбжьыщІэхэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Накъыгъэм и 27-р Библиотекэхэм я урысейпсо махуэщ

Ныбжьыщ Іэхэр тхылъ еджэным драгъэхьэх

Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэр кьызэрыІэуахрэ илъэс 95-рэ зэрырикъуамрэ Библиотекэхэм я урысейпсо махуэмрэ ирихьлІэу Іуэхущ Іапі эм инновацэмкІэ, техникэ, мэкъумэш литературэхэмкІэ и кьудамэхэм я лэжьакІуэхэм кьыхалъхьащ «Юбилей как повод заявить о себе» зэІущІэр.

ЗЭХЫХЬЭМ ирагъэблагъащ Налшык къалэм и курыт еджапІэ №25-м и 9-нэ классым и еджакІуэхэр. ЗэІущІэр ирагъэкІуэкІащ библиотекэм и лэжьакІуэхэу Хуламхановэ Лежинкэрэ ЖьэкІэмыхьу Жаннэрэ. Ахэр кьызэхуэсахэм яхутепсэльыхьащ япэ библиотекэр Урысейм кьызэрыщыунэхуам, Екатеринэ ЕтІуанэм и унафэкІэ 1795 гъэм Санкт-Петербург Император библиотекэ (иджырей Урысей лъэпкъ библиотекэр) зэрыщыхуам, а зэманэ жьыжьэм библиотекэхэм я лэжьакІуэхэм я гъуэгу тхылъыр фІыуэ зылъагъуэхэми зэрагъэпсалъэм.

ЗэІущІэм ирихьлІэу кьызэрагъэпэща «Си щІэныгъэм зыхэзгъэгъуэзэну фыкьызогъэблагъэ» тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр, Іэхуащ Іапі эм щрагъэкІуэкІа зэхьихьэ щхьэпэхэм ятеухуа видеонэтынхэр еджакІуэхэм щІэщыгъуэ ящыхьуащ. НыбжьыщІэхэм библиотекэм и кьудамэхэм электрон Іэмалым тету зыщщагъэлпльхьащ.

Налшык къалэм дэт курыт еджапІэ №5-м и тхылъеджэ ныбжьыщІэхэу Шэмпар Линэ, Кьаскъул Аслъэн, Мэхэтей Кьантемыр сымэ кьеджащ библиотекэм, тхылъым я мыхьэнэм теухуа усэхэм, хьэхъуэхэр жаІащ.

Я махуэшхуэм ирихьлІэу библиотекэм и лэжьакІуэхэу Созаевэ Хьэулэт, Батырбековэ Джамиля, Сындыку Кариндэ, Бещто Эллэ сымэ гушыІэ теплъэгъуэ ягъэльэгъуащ.

Хуламановэ Лежинкэрэ ЖьэкІэмыхьу Жаннэрэ зэхьихьэм кьеКІуэлІа тхылъеджэхэм папщІэ зэпеуэ кьызэрагъэпэщащ, библиотекэм, тхылъым ехьэлІауэ ябгъэдэлъ щІэныгъэр кьапщытэу. Абы кьыщыхэжанымкІахэм ираташ Гюго Виктор и «Собор Парижской богоматери», Голон Аннрэ Сержрэ я «Анжелика: Путь в Версаль. Анжелика и король», Джованьоли Рафаэлло и «Спартак» тхылъхэр.

Зэхьихьэр кьызэзыГъэпэщахэм еджакІуэхэм ФІыщІэ хуащІащ кьаззэрыхуебгъэбам папщІэ икІи я Іуэхущ Іапі эм сыт щыгъуи кьеКІуэлІэну зэрагуапэр кьыхагъэщащ. ЗэІущІэр щиухым библиотекэхэм я лэжьакІуэхэм я гимныр кьрагъэуащ.

ТекІУЖЬ Заретэ.

Бахъсэн районым хыхьэ жылэхэм дэт курыт школхэми накъыгъэм и 25-м щагъэлъэпІащ Иужьрей уэзджьынэм и махуэр. АбыкІэ хьыбар кьыдигъэщІащ щыпІэ администрацэм и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Чылар Аринэ.

УЭЗДЖЬНЭМ и макъ жьгъырур а махуэм хуэгъэпсат 11-нэ, 9-нэ классэр кьэзыух ныбжьыщІэ 1103-м. Абыхэм ехъуэхъуну яхуэкІуат КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, кьуажэ, кьалэ администрацэхэм я лІыкІуэхэр.

ЩІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ**. Ар ныбжьыщІэхэм ехъуэхъуащ кьапэщылъ экзаменхэр фІыуэ ятыну, гъащІэм увыпІэ тэмэм щаубыдыну, я гурылъ псори кьайхъулІэну.

Школыр кьэзыухэм папщІэ игъэхьэзыра махуэшхуэ концертхэр щекІуэкІащ районым и еджапІэ псоми. Абыхэм хэтащ сабий садэм я гъэсэн щыкІуэкІэмрэ езанэ классым щІэсхэмрэ.

НыбжьыщІэхэми абыхэм я адэ-анэхэми фІыщІэшхуэ хуащІащ илъэс 11-кІэ кьайлІэлІа, щІэныгъэ куум и гъуэгум тезыша егъэджакІуэ гумызагъэхэм.

Иужьрей уэзджьынэм иращІэкІа гуфІэгъуэхэр зэхуащыжащ уафэгум щар эмыфэгъуэхэр драгъэлъэтейкІэрэ, кьафэрэ джэгуэкІмкІэ.

Іуащхьэмахуэ хуэдэу фи насыпыр лъагэ ирехьу, гъащІэм лъабакъуэщІэ хэзычэ ныбжьыщІэхэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Гъуэгугъэлъагъуэ

Сэхъурокъуэ Хьэутий деж

Лым и ныбжьыр къызэралъытэр къиГъэщІа илъэс бжыГъэракъым. Нобэ уздыкъэса илъэс 65-м урилъэхмэ, пхужыІэнущ: къулыкъу лъагэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыэныІэрыбГъэхьа ехъулІэныгъэхэм, къэралым, республикэм я зыужьыныгъэм хэплъхьа гуащІэм, фІыкІэ узыхуэупса цІыхухэм ягу къыпхуилъ гуапагъэм уи гъащІэр щыз зэращІыр, уи пщІэр зэраІэтыр.

ГЪУЭГУАНЭ мытыншым къыбдытетахэм гу лъатащ зыхуэбГъэувыж мурадхэр зэбГъэхъулІэн папщІэ зэи укъызэримыкІуэтым, къалэн нэхъ гугъуэхэм зелпщыгрэ зэфІэбГъэкІыфу уэзрылэжьам, жэуаплныигъэ ин зыпылъ Іэхуу пщэрылъ къыпищащІахэр и кІэм зэрынэбГъэсам. А псоми къаГэлъаГэуэ, жьыбГъэ еру ущрихьэлІэ къэхъуами, шы ІумпІэр къызэрымыГэлэлар, цІыхугъэ нэсрэ гу хьэлэлрэ уиІэу цІыхубэм уаэзрыхэтыр. Ноби уи Іущагъ, Іэзагъ псори хэплъхьэу лъэпкъ Іэхуум упэрытщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу уэзрыщытым къыхэкІыу, дэни щыпсэу шэрджэсхэм урагъэугугъэльагъэуэ, зэманым къыздихь зэхъуэкІыныгъэхэмрэ лъэпкъым къыпІыкъуэкІ гугъуэхэхэмрэ зэбГъэзэхуэфу дяпэ уитщ.

Илъэс хыщІрэ тхур мащІэкъым, ауэ куэд зыхузэфІэкІам нэхъыбэжкІэ ущогугъри, иджыри уи гукъыдэжымрэ жыджэрагъымрэ хэмыщІу Урысей Федерацэр, адэжь щыналъэр, лъэпкъыр ефІэкІуэн папщІэ куэд плъэкІыну дыпхуохъуахъуэ. Уи щхьэкІэ, уи унагъуэкІэ, уи Іэнатэкіэ уигу хэзыгъэщІын уримыхьэлІэу, узыхунэмысахэр къохъулІэрэ къохъулІар пхузбагъуэу куэдрэ Тхьэм уигъэпсэу, шынэхъыщІэ!

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

ПщІэ зыхуэтщІ Хьэутий Хьэзрит и къуэ!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым къабГъэдэкІыу уи махуэ лъапІэмкІэ дыноХъуэхъу!

Илъэс бжыГъэхэр къызэбнэкІащ унафэщІ Іэнатіэ упэрыту. Уи жэрдэмхэм ехъулІэныгъэфІкэр къыпокІуэ. Лжьыгъэм кууэ зэрыхэпщыкІыр, цІыхуми Іэхуми бГъэдыхьэкІэ кьаэзрыхуэбГъэтыфкр сэбэп хъуащ ди лъахэм и экономикэ, щэнхабзэ зыужьныныгъэм, лъэпкъ зэмылІэужьныгъуэхэм къахэкІахэмрэ дин зэмыщхь зыІыГъэхэмрэ зэгурыІуэу псэуным.

Жылагъуэ-политикэ Іэхуэхэми уи гуащІэу хэплъхьар мащІэкъым. Иужьрей зэманым куэд бощІэ адыгэ Іэхуум, лъэпкъ щэнхабзэр къэГъэщІэрэщІэжьным, хэхэсхэмрэ зэкъурысхэмрэ зэпыщІэным теухуауэ. Къэрал унафэщІхэр зыдэбГъэІэпыкъуу ди лъэпкъым ифІ зыхэлъ Іэхуэгъуэ куэд зэрызэфІэпхам и фІыщІкІэ укъащІыхуащ дуней псом щыкІуахьа адыгэхэм.

Узыншагъэ, гуапагъэ, мамырыгъэ ущымыщІэу Тхьэм уигъэпсэу!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акІуэ гупыр.

Путин Владимир и гъусэу. *2001 гъэ*

Налшык щохьэщІэ УФ-м и япэ Президент Ельцин Борис.

Матвиенкэ Валентинэ Налшык къэкІуащ.

Кэзак Дмитрий тыгъэ ирет. *Сочэ, 2014 гъэ*

Пащтыхьыкъуэ Алий бен Хъусейн ДАХ-м и дамыгъэр ирет. *Амман, 2015 гъэ*

Амман къалэм и Іэтащхьэм деж. *2015 гъэ*

● Дифі догъэлъапІэ

ЦІыхум и къарур и фІэщ пщІымэ, дэтхэнэ зыми куэд хузэфІэкІынущ

Къэрал къулыкъушхуэхэр зыІыгъыу къекІуэкІ Сэхъурокъуэ Хьэутий, къуажэдэс дэтхэнэ зы щІалэ цІыкІуми хуэдэу, лэжьыгъэм щымышынэу къэтэджащ, щІэныгъэ куум хуеІащ - 1970 гъэхэм щІалэгъуалэм я нэхъыбэм ар я хъуэпсапІэт.

КУРЫТ школыр къуихыу япэ илъэсым еджапІэ нэхъыщхьэм щыщІэмыхуэм, езым зэрыжиІэмкІэ, зэманыр лейуэ имыгъэкІуэн щхьэкІэ, Іэщ1агъэ зригъэгъуэтащ: Старэ Шэрдэж дэт чырбыш заводым экскаваторым тесу щылэжащ.

- Ди адэр пасэу тщхьэщыкІати, си сабиигъуэр Іэфіу щытауэ скужьІэнукъым, ауэ си гъащІэм и дзгъэзеигъуэхэм деж зэпымыууэ цІыху хъарзынэхэр къызбГъурытащи, абы сриназпыфІэщ. Ди анэ, Хьэкъун Лэушэ, и закъуэ къаруклэ быниплІыр, зэкъуэшитІымрэ зэшыпхъуитІымрэ, дыкъиІэтащ, щІэныгъэ дигъэгъуэтащ, сыт хуэдэу гугъу демыхьами, тхуэзфІэкІар зи фІыщІэр арац, - жеІэ Сэхъурокъуэм. - Къапщтэмэ, гугъуэхьыщ цІыхум и хьэл-щэнкъи зыпсыхьыр. УиІэм, ар мащІэми куэдми, и уасэр зэхэпщІыкІыфу уещІ гугъуэхьым. Сэ си адэ-анэми си адэшхуэ-анэшхуэми зэпымычу фІыщІэ яхуэощ, си гъащІэм хъыщысщхьэпэн куэдым си акъылыр зэрытрауэцам папщІэ. Ди анэр ар, дауи, ди нэ-ди псэт. Зы Іэхуу гуэрым зетпщытын и пакІэ, абы дызыхуигъэІущамрэ гъуазэ тхуищІамрэ дызэрытетыным иджыри ськъздэсым догупсыс. Си адэ-анэм я ужькІэ, си гъащІэм цІыху нэхъыщхьэу хэтар КъБКъУ-м и ректору щыта Льосстэн Владимирщ. Егъэлеяуэ щІэгъэкъуэныфІ къыскуэхъуащ ар. Диплом плъыжькІэ еджапІэр къыщІэхъуащ, аспирантурэм си щІэныгъэм щыпысщэну сытригъэгушхуэу къызэпсэльат. Ар занщІэу къызэмыхъулІами, Льостэнэр къызэрысщыгугъар иужькІэ ззэгъэхъулІащ, - пещэ Хьэутий.

Сэхъурокъуэр Къэбэрдей-Бэлъкъэр къэрал университетым щеджащ, Лениным и цІэр зезыхьэ стипендиер къихьу. ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я советым и унафэщІым и къуэдзэу лэжьащ, ВИГИС-м и аспирантурэр (Москва) кьиухащ, ветеринар щІэныгъэхэм я кандидат лэжьыгъэр пхигъэкІащ, иужькІэ ар экономикэ щІэныгъэхэм я доктор хьущ.

1982 гъэм КъБАССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм ветеринар дохутыр нэхъыщхьэм и Іэнатіэр Хьэутий къыщыхуигъэльатГъуэм, ар зэчэнджэщар Льостэн Владимирщ. Зы зэманкІэ абы щылэжьауэ, «Птицепром» зэгухьэныгъэм и унафэщІу а зэманым щыта Черкесов Георгий и псалъэкІэ а Іэхуущ1апІэм кІуащ, иКи ныбжьэгъуГъэ я зэхуаку дэлъу а тІур кьызэдэгъуэгурыкІуащ. «Налшык» джэдкъаз фабрикэм и унафэщІу лэжьэну Сэхъурокъуэр щагъэкІуам, фабрикэм и Іэзхуэгр щІагъуэтэкъым, илъэс 16 хъуауэ планыр хуэГъэзэщІэжьыртэкъым», - игу кьегъэкІыж Сэхъурокъуэм.

Хьэутий лэжьакІуэхэм я къарур зэщІигъэуІуэри, фабрикэм къэрал дамыгъэхэр, бэракъэхэр къыхуагъэфащэу Іэхуэхэр зэтригъэпсыхьыжыну хуэзэфІэкІат.

«Налшык» джэдкъаз фабрикэр къиІэтыжа нэужь, Сэхъурокъуэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» джэдкъаз фабрикэм и унафэщІу щагъэкІуам, цІыху 567-м я кьару зэхэлъу игъэлэжьэн хуейт. «Лэжьыгъэ мытынш кьыспэщылІт, ауэ апхуэдэ дзыхь кьызэзэІущэзэхэр зГъэщІэхъу хьунутэкъым. Сэ абыхэм фІыщІэ яхуэощ, уи гуащІэдэкІыр къызэралытэм куэд зэрелъытар къызэруоІуэри. Сэри сыхущІэкъуащ си лэжьакІуэхэм лей къатемыхьэным», - жеІэ ди псэлъэгъуэм.

1980 гъэхэм я кІэхэм лэжьакІуэхэм я улахуэр абы сом 400 - 450-м нигъэсыфат. Дауэ? Сыт и лъэныкъуэкІи Іэхуущ1апІэм зригъэужьри: фабрикэм илъэс кьэс хигъахъуэрт кьилэжьым, кьыщІигъэкІым и фІагъым.

«Лэжьыгъэм сыщыпэрыувагъащІэм, япэ Президент КІуэкІуэ Валерий гушыІэу къызжиІауэ щытар сщыгъупщэжьыркъым: «Пилъэ пыухыкІам фабрикэм зэфІигъэкІын хуейр пхуэгъэкъарумэ, шы хужь утесу Унэ хужьым укъедгъэблэгъэжьнщ, орденри уи бГъэм кьыхэлыдыкІыу», - пыгуфІыкІат, лэжьыгъэр зэрыгугъунур кьызгуригъаІуэу.

УнафэщІым зэрыгриІуам хуэдэу, Сэхъурокъуэ Хьэутий иужькІэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэу - мэкъумэш Іэнатіэмрэ ерыскъэкІэмкІэ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министру щытащ.

- ЗэрыщІэжщи, джэдкъаз гъэхъуныр Совет Союзым щыпашэ Іэнатіэхэм ящыщащ (Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэу фабрики 8 щылажьэрт), иКи нобэ сызделпІэкІыжым кьызгурояуэ цІыху сызыхэтахэм ядэслъэгъуэ зэхущытыкІэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ зэрафащІэр сыт хуэдэ екъулІэныгъэри. ЦІыхум и къарур и фІэщ пщІымэ, дэтхэнэ зыми куэд хузэфІэкІынущ. Дэ дызэзэкъуэту, зым и гуфІэгъуэри гуэзвэгъуэри дэтІыгъуэу, си лэжьакІуэхэм я Іэхуу еплъыкІэр къэслъытэу а зэманым дызэдэлэжьащ. Абы и фІыгъэкІэ Налшык и джэдкъаз фабрикэр мардэщІэхэм хуэдГъэкІуэфат. Джэдыкіэм, лым дызэрелэжьым и мызакъуэу, зэтедублауэ къазыщІыр Свердловск къалэм едГъашэрт. Къэпщтэмэ, Къэбэрдей-Бэлъкъэр джэдкъаз фабрикэм махуэм лыуэ тонни 10 кьызэжьырт. ИкъукІэ сахуэарэзыщ джэдкъаз фабрикэр дзыхь къыскуэзэщІа Черкесов Георгийрэ илъэс 14-кІэ сызыдэлэжьа КІуэкІуэ Валерийрэ. А цІыхуитІым я деж къыщысщІам уасэ иІэкъым.

Зы ныбжь гуэрым щынэскІэ, цІыхур зопльэкІыж. Фіыр дэнэ кІуэжьи, ауэ абыхэм ящхьэ къыпфІокІуэ узыхуще-гъуэж гуэрхэри. Абы теухуауэ Хьэутий жеІэ: «ЩыІэщ Іэхуэгъуэ гуэрхэр нэхъапэм къызэрысщыхъуам, сызэрегупсысам хуэмыдэжу. Хьэл-щэным теухуауэ жыпІэмэ, нэхъ тэмакъкІыхьу, си гъэгуанэм хъщІэзихьэлІа цІыхухэм нэхъ набдзэгубдзаплъэу сахущытын хуеят».

Сэхъурокъуэ Хьэутий нэгъабэ етІуанэу хахьжащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу.

- Къэрал къулыкъу куэд зэсхъуэкІащ, ауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу сызэрыхахрэ жэуаплныгъэу абы зыхызэигъэщІам хуэдэ нэгъуэщІ зы Іэнатіи сыщрихьэлІакъым. НэгъуэщІ сыт хуэдэ Іэхуэри хабзэм тещІыкІыжауэ пхузэгъэзэхуэнущ, зебгъэкІуэфынущ, ауэ мыбдеж дэтхэнэ уи псалъэми мыхьэнэ иІэщ, уи лъэпкъым и пащхьэ жэуап щыбохь. ДАХ-р зэрылажьэ илъэс 25-м кьуриубыдэу жылагъуэ гъащІэм абы щигъэзащІэ кьаэнэр мызэ-мытІэу кьигъэлъэгуащ. Бзэр хъумэным, хабзэр зехьэным, лъэпкъ зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным ар телэжьэн хуейуэ аращ. Политикэ Іэмэпсымэ гуэру ар къэбГъэсэбэпыну кьеззгъыркъым. Къэрал 50-м щІигъум щыІэ ди лъэпкъзГъуэм дазэрыпыщІам сыт и уасэ! Ар ДАХращ зи фІыщІэр. Сэ сызэрелпІымкІэ, Іэхуущ1апІэм и кьаэлэн нэхъыщхьэр - зэманым кьигъэув сыт хуэдэ гъэуэкъуэмрэ я лІыхъужьыгъэр къызыхэщыж тхыгъэ кІэщІ цІыкІуэхэмрэ. Ди адыгэ щІалэр абыхэм зэрахэхуар пщІэшхуэщ лъэпкъым дежкІэ.

Илэжьа Іэхуэр лІыхъужьыгъуэ зымыбж, атІэ апхуэдэ щытыкІэ кьихухта дэтхэнэ зыми ар и кьаэлэну къззылъытэ щІалэщІэм кьыпэщылъ гъащІэм апхуэдэ гъэзэгъуэ афІэкІа щримыхьэлІэну, мураду иІэр къехъулІэну, кьызыхэкІа лъэпкъым и цІэр нэхъыбэжкІэ зыгъэІун щІалэ хъуну дохъуэхъу!

ИСЛЪАМ Нащхьэ.

● Гу зылъытапхъэ

Унагъуэхэмрэ сабийхэмрэ я дэІэпыкъуэгъу

ЩытыкІэ гугъу ихуа сабийхэм ядэІэпыкъу фондым (адэкІэ - Фонд) къехъелъхьэ зэпеуэ щхьэпэ, сабийхэмрэ унагъуэшхуэхэмрэ социальнэу защІэгъэкъуэным хуэгъэпсауэ. УнэтІныныгъэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ екІуэкІ зэпеуэм къыхэжаныкІ зэгухьэныгъэхэмрэ щІыпІэ Іэхущ1апІэхэмрэ мылъку (грант) иратынущ, социальнэ проектыщІэхэр гъащІэм хапщэфын папщІэ.

ГРАНТЫР къэпхьэхун папщІэ къалъытэнущ зэпеуэм и утыку ирахьэ социальнэ проектэм щІыпІэм щІэ мыхьэнэм и инагъыр. Абы щыхьэт техъуэ тхыльхэр къабГъэдэкІын хуейщ УФ-м хыхь эубъектхэм я гъэзэщІакІуэ органхэм е щІыпІэ самоуправленэм и органхэм.

Фондым хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, зэпеуэхэр екІуэкІынущ мыпхуэдэ унэтІныныгъэхэмкІэ:

2016 гъэм накъыгъэм и 10-м - зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм ядэлэжьэным хуэгъэпса проектхэм я зэпеуэ (проектыр лэжьэн хуейщ 2016 гъэм щыщкъэуІум и 1-м къыщыщІэдзауэ 2017 гъэм фокІадэм и 30 пщІондэ. Грантыр сом 1500000-рэ мэхъу);

2016 гъэм мэкъуаугъэуэм и 1-м - щытыкІэ гугъум ихуа сабийхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным хуэунэтІа проектхэм я зэпеуэ (проектыр лэжьэн хуейщ 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщІэдзауэ 2018 гъэм фокІадэм и 30 пщІондэ. Грантыр сом 1500000-рэ мэхъу).

Зэпеуэхэр зэрекІуэкІыну щыкІэм щыгъуазэ зыщыхуэфщІхунущ Фондым и сайт щхьэхуэм и Іыхьэхэу «Фондым и грантхэр» («гранты фонда»), «зэпеуэхэр» («конкурсы») жыхуиІэхэм.

ТАМБИЙ Линэ.



● Щапхъэ

Ди зэманым и лІыхъужь

ГъащІэм пІэщІэгъуэкІэ блэжьын Іуэху куэдым ущрохьэлІэ. Абыхэм деж цІыхум и хьэл-щэнри, и зэфІэкІри, и къарури здынэсыр наІуэ къыпщохьу. Апхуэдэу илъэс кІуам лІыгъэ зэхэгъэкІыпІэ ихуа щІалэщ мы тхыгъэр зытеухуар. Ар Налшык дэт 2-нэ курыт школым щеджэ Мэлбахъуэ Амырхъанщ.

2015 ГЪЭМ накъыгъэм и 15-м 9-нэ классым щІэс Амырхъан тренировкэ къикІыжауэ унэм щыщІыхьэжьым гу лъитащ кІэлындорым тет Іугъуэм. Апхуэдэ зэманым деж унэм щІэс хабзэр илъэс 78-рэ зи ныбжь и анэшхуэ Яхэгуауэ Зоети, и гум фІы щыщІэнт - щІалэм зричри, мышынэу мафІэ лыгъейр къызыщІих унэм щІэлъэдащ. Іугъуэ Іувым къыхигъуэтэжа, псэ зыхэмытыжу къыфІэщІа и анэшхуэр мафІэсым къыхихри, щІыбым къыщІихащ абы. Зи щІыфэр мафІэм иса нанэм унагъуэр тегузэвыхьами, я насытри, Зое, Алыхьым и шыкуркІэ, дохутырэм я Іэмыркіэ къызэфІэувжащ.

ИужькІэ щІалэщІэм: «Умышынэу дауэ ухыхьэфа мафІэ лыгъейм?» - жаІэу щеупщІым, и анэшхуэм и узыншагъэм игъэзгъэвати, а псом егупсысыну зэман зэримыІар жиІащ.

И благъэхэми, ныбжьэгъуэхэми, кьыдеджэхэми Амырхъан зэрацІыхур пщІэрэ зэпсэльэ щІалэм щабэущ, укІытэхьыщ.

Зэрихьа лІыгъэм папщІэ къыхуагъэфэща медалыр, дипломыр, Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм къыбГъэдэкІ «Гу пщтыр» щІыхь тхылъыр КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министр Емуз Нинэ иджыблагъэ иритыжащ еджакІуэ хахуэм. Абыхэм къищынэмыщІауэ, Амырхъан тыгъэ хуащІащ Уайльд Оскар и «Іущыгъэм и егъэджакІуэ» тхылъыр.

Узыншэу, и адэ-анэр игъэгушхуэу, и Іуэху фІы хъу зэпыту, нэхъыбэжкІэ и цІэр ирапуэну ехъуэхъуащ министрыр щІалэщІэм. Кьыдэкіуэтей цІыкІуэр зыдэплъеин апхуэдэ щІалэ хахуэхэр дызэріэм зэрыригушхуэри кьыхигъэщащ и псалъэм.

Амырхъан фІыщІэшхуэ яхуищІащ мы Іуэхум зи гуащІэ хэлъ дэтхэнэми. Апхуэдиз пщІэ кьыхуащІыну, яІэтыну зэримыгугъари, и гуапэ дыдэ зэрыхъуари жиІащ.

Социальнэ-щэнхабзэ жэрдэмхэм я фондым илъэс кьэс кьыдигъэкІ «Гу пщтыр» тхылъым мы гъэм ихуащ лІыгъэ зезыхьа, щытыкІэ гугъум къикІыфа цІыхуи 102-м я сурэтхэмрэ я лІыхъужьыгъэр къызыхэщыж тхыгъэ кІэщІ цІыкІуэхэмрэ. Ди адыгэ щІалэр абыхэм зэрахэхуар пщІэшхуэщ лъэпкъым дежкІэ.

Илэжьа Іэхуэр лІыхъужьыгъуэ зымыбж, атІэ апхуэдэ щытыкІэ кьихухта дэтхэнэ зыми ар и кьаэлэну къззылъытэ щІалэщІэм кьыпэщылъ гъащІэм апхуэдэ гъэзэгъуэ афІэкІа щримыхьэлІэну, мураду иІэр къехъулІэну, кьызыхэкІа лъэпкъым и цІэр нэхъыбэжкІэ зыгъэІун щІалэ хъуну дохъуэхъу!

ИСЛЪАМ Нащхьэ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Лъагъу, хъумэж уи бзэр, лъэпкъ жезыгъэІэ хабзэр

Сабийм и анэдэлъхубзэр Іурылъу, абы дихьэхыу, лъэпкъым и хабзэм, и тхыдэм и къулеигъым щыгъуазэу, ар фІэгъэщІэгъэну къэгъэхъун, ар зэрырагъэдж Іэмалхэр егъэфІэкІуэн мурадкІэ илъэс 17 хъуауэ ирагъэкІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм и къэпщытакІуэхэр иджыблагъэ щыхьэщІащ Псыгуэнсу къуажэм дэт 1-нэ школым.

«ІУЭХУ екІуэкІыр еджапІэм фи закъуэ фыфейщ», - жаІэу мытІысыжхэу, зи лъэ вакъэ изылъхьэу къуажэм дэсыр школ пщІантІэм къыщыІэзыхэсат.

Къуажэ дэлъэдапІэм деж, адыгэ хабзэм къызэрезэгъыу, шигъуПІастэкІэ хьэщІэхэм къащІепежьат Аруан щы-налъэ администрацэм и унафэщІ **Куэшей Азэмэт**, абы и къуэдзэ **Щоджэн Риммэ**, Аруан районым и щыпІэ самоуправленэм и Іэтащхьэ **КІуш Валерэ**, къуажэ администрацэм и унафэщІ **Къанкъул Хьэчим**, КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **Брым Руслан**, УФ-м щыІхь зиІэ и артист **Балъкъыз Валерэ**, Нарткъалэ и щыпІэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ **Ибрахьим Альберт**, Псыгуэнсу къуажэм и щыпІэ самоуправленэм и депутатхэу **Шыбзыхъуэ Руслан**, **Балъкъыз Албэч**, **Къудей Беслъэн**, **Темыржан Артур**, КъБР-м и телевиденэм и редактор **Мыз Залинэ**, Псыгуэнсу дэт 1-нэ школым и лэжьакІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

Адыгэ фащэкІэ хуэпа щууейхэм хьэщІэхэр зэрыс машинэхэр къауХъуреихьауэ къуажэм дашэри, жылэм нэхъ цІэрыІуэу дэс лъэпкъхэм я пщыІэ цІыкІуэхэм ирагъэблэгъащ. ПщыІэхэр ауэ сытми къызэрыгуэкІ пщыІэтэкъым, атІэ, пасэрей зэманым укъыхэхутэжам хуэдэу, чийкІэ щІауэ, бжьыхь цІыкІуэхэмкІэ къэхухьыжарэ унагъуэм уеблагъэ къыпфІагъэщІырт, уздеблэгъам я Іэнэр уэздауэ адыгэ шхыныгъуэхэр телът. Апхуэдэу къэпщытакІуэхэр ирагъэблэгъащ Къардэнгъущхэ, Мызхэ, Црымхэ, Безырхэ, Тхьэщыгъуейхэ, Уэртэбейхэ, Вэрокъуэхэ, Темыржанхэ. ПщыІэ къэскІэ хьуэхъубжьэ щаІэтащ мыпхуэдэ махуэ дахэ куэдкІэ къуажэдэсыр зэхыхьэу, ефІакІуэ зэпыту, зэгурыІуэу псэуну.

Іуэхур езыгъэкІуэкІыну зи пщэ дэлъ **ШэрыІужь Аслъэн** хьэщІэхэр адэкІэ иригъэблэгъащ еджапІэм и пщІантІэм. Жыгым тес гъуом къызэхуэса псоми хъыбар иригъэщІащ хьэщІэшхуэхэр къазэрыхуэкІуамкІэ. КъэпщытакІуэхэм къапежьат илъэс куэдкІэ егъэджэныгъэ Іэнатіэм пэрытахэри, мы школым щылэжьахэри, иджыпстуи щылажьэ егъэджакІуэхэри.

Зы унагъуэшхуэм хэхъуэ яІэрэ я хьэгъуэлІыгъуэу ирихьэлІахэти, адыгэм и хабзэ дахэхэм ящыщу унэишэм, ныуэжь щІэцІывжьым къызэхуэсахэр ирагъэплъа нэужь къэпщытакІуэхэр ирагъэблэгъащ адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэхэм ягъэхьэзыра дерсхэм еплъыну, къапщытэну.

ЕджапІэ щыихьэпІэр гъэщІэрэщІат Псыгуэнсу къыдэкІа, КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ Црым Руслан и Іэдакъэщ-щІэкІхэмкІэ, къищынэмыщІауэ, блынхэм фІэлът гъэ еджэгъуэ блэкІам мы школыр къэзыуха Бжэныхъуэ Ритэрэ ШэрыІужь Астемырэ ящІа сурэт дахэхэр. Къызэхуэсахэм хуабжьу ягу ирихьат пасэ зэманым къагъэсбэгъу щы-та, нобэми мы школым хъума щыхъуа хьэпшыпхэр телъу ящІа гъэлъэгъуэныгъэр. Дыжьын бгырыпх, бгъэлуть, пхъэ вакъэ, пшынэ, гуэгуэн, нэгъуэщІ куэдхэри щыплъагъурт мыбдеж.

Школым и унафэщІ **Безыр Мадинэ** хьэщІэхэм къапежьэри иригъэблэгъащ. КъэпщытакІуэхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щрагъэдж пэшхэр ялэщІыкІэ къаплъыхьащ. Ахэр хуитт, нэхут, блынхэм ди адыгэ тхакІуэ, усакІуэхэм я сурэтхэр фІэлът, тхылъ куэди щІэлът, пэш удэхэри щымащІэтэкъым.

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэдж методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Жыкъуэ Оксанэ** къэпщытакІуэхэр щыгъуазэ ищІащ екъуІэныгъэу яІэхэм, я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщ щІыкІэм и гугъу къахуищІащ. Джэдгъэф Борис и «Си адыгэ напэ» усэм теухуа урок зэІуахи щІидзащ итІанэ. Дерсым эпиграфу хуащІат Елбэд Хьэсэн и псалъэхэр: «Зи бзэр зымыгъэлъапІэм и псэр игъэлъэпІэнукъым, - бзэмрэ псэмрэ зэтохуэ» жыхуиІэр. Урокыр гъэщІагъуэну зэхэуухуэнат. ЯпэщІыкІэ усэм гукІэ къригъэджащ, итІанэ адыгэ напэм теухуауэ щыІэ псалъэжьхэр, а темэр къыщыІэтауэ ипэ классхэм цІыкІухэм щаджауэ ди адыгэ литературэм хэт тхыгъэхэр къариГъэщІэжащ.

ЕтІуанэ сыхьэтым хьэщІэхэр и дерс зэІуахам иригъэблэгъащ 4-нэ классым и егъэджакІуэ **ЗэшэкІуу Маринэ**. Маринэ мастер-класс урок итащ ГъукІэлІ Исуф и «Дадэ» рассказымкІэ.

Пэшыр дахэу гъэщІэрэщІауэ, урокым хэгъэхьэзырауэ щыт. Сабийхэр гупу лажьэу, къэзыуХъуреихь дунейм гулъытэ хуащІу, мыхъумыщІагъэ ямылэжьу, я нэхъыжьхэм я жьІэм едаІуэу цІыкІухэр егъэсэныр дерсым и мурад нэхъыщхьэу зэрыщытыр егъэджакІуэм жиІа нэужь, еджакІуэ цІыкІухэм щІадзащ абы теухуа я гупсысэхэр къаІуатэу. Нэхъыжьхэм, псом хуэмыдэу жьыкІэфэкІэм, пщІэ хэха зэрахуэфащэр, абыхэм жаІэм уедаІуэмэ лей узэрыхуэмызэнур, адэшхуэ-анэшхуэр фІыуэ лъагъун, ар Іумпэм умыщІу защІэбгъэкъуэн, зепхьэжьн зэрыхуейр жаІащ цІыкІухэм. ГъэщІэгъуэнт сабийхэм я гупсысэхэм уедаІуэну, езыхэмрэ я адэшхуэ-анэшхуэхэмрэ я зэхуаку дэлъ щытыкІэхэр, абыхэмкІэ зэрыгушхуэр къыщаІуатэм щыгъуэ.

КъыкІэлъыкІуэ сыхьэтым хьэщІэхэр иригъэблэгъащ «ГъащІэм и жыг» фІэщыгъэр зиІэ классщІыб лэжьыгъэм еплъыну. Ар ягъэхьэзырат урысыбзэмрэ литературэмрэ езыгъэдж **Балъкъыз Аксиянрэ** адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ Темыркъан Раерэ. Анэдэлъхубзэм, адыгагъэм, адыгэ напэм, лъэпкъ хабзэм, Хэкум теухуа усэхэм къеджащ цІыкІухэр. Абыхэм къыщынэмыщІауэ, цІыкІухэм яку дэлъын хуей зэхущытыкІэхэр, школ гъащІэм къыщыхъу, егъэджакІуэмрэ еджакІуэмрэ махуэ къэс яку къыдэхъуэ псалъэмакъхэр къызыхэщщыкъ теплъэгъуэ зыбжани къагъэлъэгъуащ. Дахэт, екІут икІи гъэщІэгъуэнт еджакІуэ цІыкІухэм я утыку итыкІэр, образхэм зэрихьэфыр, дэтхэнэ зы сатырри я гум къикІыу, я псэм къыбгъэдэкІыу зэрыжаІэр плъагъурт.

Псыгуэнсу къуажэм цІыху щэджащэ куэд къызэрыдэкІам щымыгъуазэ щІыкъкъым жыпІэми, ущыуэну кы-щІэкІынукъым. Щагъэгъуазэм и мызакъуэу, еджакІуэ цІыкІухэм пэшым щІэсхэм жраІащ лъэныкъуэ куэдымкІэ къыхжаныкІа я цІыху пажэхэм я цІэхэр, абыхэм я лэжьыгъэхэр, кы-фІащащ цІэ лъапІэхэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ «Дунейр - сабийхэм я нэмкІэ» жиІэу ягъэува гъэлъэгъуэныгъэри къызэхуэсахэм хуабжьу ягу зэрырихьар. Мыбдеж щыплъагъурт езы еджакІуэ цІыкІухэм я ІэкІэ ящІа сурэтхэр, абджьым, пластмассэм, пхъэм, гъущІым, щыгъэм къыхащІыкІа хьэпшып цІыкІухэр, нэгъуэщІхэри.

ГъэщІэгъуэн дыдэт Псыгуэнсу къуажэм дэсхэм щІэныгъэ къызрах я дыщэ пхъуантэмрэ псыкъуий цІыкІумрэ. «ЛІэщІыгъуэм и кІуэцІыбжэ» зыфІаща гъэлъэгъуэныгъэм тхылъыфІ куэд щыплъагъурт.

Абы ублэкІмэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ Мухьэмэд и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ къыщыгъэлъэгъуа выставки ящІат. Мыбдеж телът Мухьэмэд и сурэтхэр, и Іэдакъэ къыщІэкІа тхыгъэхэр, ахэр зэрыт тхылъхэр, и гъащІэм и нэхъыбэр щигъакІуэ «Адыгэ псалъэ» газетым и къыдэкІыгъуэ щхьэхуэхэр.

Ежьэжьыным и пэ къихуэу хьэщІэхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ «Шэрджэс Ренессанс» зэгуакъэныгъэм хэт **Мыз Исмел**. ПщІэ къыхуащІу, я зэман ягъэкІуэду Жанхъуэтхьэблэ къаХуеблэгъа дэтхэнэ зыми я лъэбакъуэр псапэу Тхьэм къаритыжыну екъуэхъуащ, я гуфІэгъуэр къыдаІыгъыу, ягъэгушхуэу зэрахуэхьэщІар, пщІэшхуэ къыхуащІам нэхъри я бгъэр къызэрыригъэкІар къыжкІащ абы. Гупым къыбгъэдэкІ тыгъэри иритащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд**.

КъекІуэлІа псоми фыщІэшхуэ зэрахуищІыр, Псыгуэнсу къуажэдэсыр зыхэзыгъэплъа «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр адэкІи ефІэкІуэну, щІэблэм бзэр яІурылъу, Хэкум хуаІэ лъагъуныгъэр мыкІуэщІу, зэкъуэту, зэрыыгъыу, зэрыадыгэр ящымыгъупщэу къэтэджыну, нэхъыжьхэри жьыщхьэ махуэ хъуну хуахъуэу къызэхуэсахэм захуигъэзащ **Брым Руслан**.

Аруан щыналъэ администрацэм и унафэщІ **Куэшей Азэмэт** къеблэгъа псоми хъуэхъу дахэкІэ захуигъэза нэужь, къыхигъэщащ Псыгуэнсу дэт 1-нэ школым мы махуэм зыхуэгъэхьэзырынымкІэ къыдэІэпыкъуахэм я цІэхэр. Ахэр - Псыгуэнсу къуажэм и мызакъуэу Аруан щІыналъэм и псоми фІы дыдэу ялъагъу Брым Аслъэн, КъБР-м и телевиденэм и лэжьакІуэ Мыз Залинэ, къуажэдэсхэу Мыз Хьэжмурат, ШэрыІужь Аслъэн, Мыз Исмел сымэщ. Дэтхэнэ зыри и зэманым и мызакъуэу, и къарури, и зэфІэкІри, и псэри хилъхьэу къыкъуэтащ курыт еджапІэм.

Иужьрейуэ къэпсэлъа ХьэфІыцІэ Мухьэмэд жиІащ илъэс 17-м кърию-быдэу «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм хэта курыт еджапІэ куэдым я деж зэрыщыхьэщІар, гъэщІэгъуэн куэди и нэгу зэрыщІэкІар, ауэ нобэ жанхъуэтхьэблэдэсхэм я зэхэтыкІар псоми ялейуэ зэрыщытыр. ФІыгъуэу щыІэр къуажэдэсхэм къехъулІэну, нобэ зэрызэхуэгуфІэм, ягухэр зэрызэІухам, зэрызэкъуэтым хуэдэу илъэс куэдкІэ зэдэузынышэну екъуэхъуащ абыхэм Мухьэмэд.

ХьэгъуэлІыгъуэ зиІэ унагъуэм я щауэр унэ ирашэжьын хуейти, «Щауэишыж» теплъэгъуэми хьэщІэхэр ирагъэплъащ. Зэрыхабзэуи, джэгур зэхаублащ.

ЗэгурыІуэ здэщыІэм хабзэри, нэмысри, фІэлыкІри, цІыхугъэри, адыгэхэм сыт щыгъуи яхэлъа шыІэныгъэри щыІэщ. А псори Псыгуэнсу къуажэдэсхэм нобэр къыздэсым зэрахъумэр, я нэхъыжьхэр щапхъэгъэлъагъуэу зэрыщытыр, я щІэблэр Іуэхугъуэфі куэдым зэрыщІапІыкІыр, зэрызэхуэтыр хьэкъыу я фІэщ хъуауэ, къэпщытакІуэхэр къежьэжащ. Адыгэхэм зэрахабзэу, шууейхэм хьэщІэхэр ящІа-жэ дэкІыжьпІэм, псы икІыпІэм нэс нагъэсыжащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэпеху зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щыградзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эллэ**, *редактору* **Чэрим Марианнэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ**. *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.076 ● Заказ №680